



# It's Up to Us®

pou Kreye yon San Diego ki an Sante epi ki Solidè

Yon bilten espesyal ki trete sijè sou sante mantal pou rezidan San Diego yo



Edisyon 37

## Konsènan Bilten an

Lè w remake yon moun pwòch ki gen difikilte, se pa janm yon bagay ki fasil. Si yon zanmi, yon manm fanmi, yon vwazen, oswa yon kòleg travay ta ap pase nan yon kriz sante mantal, dwòg oswa alkòl, bilten sa a pral ede w konnen demach ou kapab pran pou sipòte li.

Bilten sa a se yon pati nan kanpay *It's Up to Us (Se Chwa pa Nou)*, yo devlope pa mwayer Ajans Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal Konte San Diego a, epi li jwenn sipò vizyon *Live Well San Diego* nan Konte a, nan objektif pou ankoraje yon kominate ki an sante, an sekirite, epi ki ap pwospere.

Lè nou sansibilize, ankoraje dyalòg, epi bay aksè nan resous sosyal yo, nou vle ankoraje byennèt, diminye wont, epi fè prevansyon kont suisid pou tout rezidan San Diego, sitou lè nou konsantre sou popilasyon nan San Diego ki plis touche epi ki gen plis risk yo.



Eskane pou li plis bilten kominotè.

## Up2SD.org®

LINK UP FOR INFORMATION AND MENTAL HEALTH RESOURCES

Liy Aksè ak Kriz San Diego a

**888-724-7240**

Liy Asistans Nasyonal nan Sitiyasyon Kriz ak Suisid la

**988**

Resous Kominotè yo

**211**

## Fè Limyè Sou: Konpreyansyon sou Kriz Sante Mantal, sou Kriz Dwòg oswa Alkòl

Nan ka ta gen yon ijans sante mantal oswa ki gen pou wè ak konsomasyon sibstans toksik, genyen sèvis ki disponib pou ede moun antre an kontak ak sipò pwofesyonèl. Sèvis entèvansyon ak repons nan tan kriz yo ede nan asire y ap rele travayè ijans yo ak fòs lòd yo sèlman nan sitiayson ki mande yon atansyon imedya.

Ijans sante mantal ak sa ki gen pou wè ak konsomasyon sibstans toksik yo, ki pote non ijans sikiyatri oswa kriz sante konpòtmantal tou, se sitiayson kote aksyon, santiman, oswa konpòtman yon moun ka lakòz li domaje tèt li oswa lòt moun, oswa li kapab rann sa pi difisil pou li pran swen tèt li. Sitiayson konsa yo souvan enplike santiman mank espwa oswa mank asistans sa ki ka lakòz yon moun konsome alkòl oswa dwòg. Si yon moun ou renmen anpil ap pase nan yon moman kriz tankou sa a, li enpòtan pou w konnen kijan pou bay yo sipò yo bezwen an.

## 4 Sèvis Kle ou Dwe Konnen

### Liy Aksè ak Kriz San Diego a (San Diego Access & Crisis Line, ACL)

**888-724-7240** Si w bezwen enfòmasyon oswa asistans pou jwenn resous, sa se yon bon kote pou w kòmanse. Genyen lòt sèvis ki afiche pi ba a ou kapab antre an kontak ak yo tou. Ou kapab rele ACL si ou ta renmen resevwa enfòmasyon sou pwogram, sou sipò w ka jwenn pou tèt pa w, oswa sou referans pou jwenn yon espesyalis.

**Inite Estabilizasyon Kriz** Sa yo se sant ki pozisyone nan kominate a epi tou ki toupre oswa anndan diferan lopital nan Konte San Diego a. Etablisman sa yo, yo konstwi yo pou ofri sèvis estabilizasyon ak moun ki nan sitiayson kriz.

**Sèvis pou Pasyan ki pa Entène yo** Sèvis sa yo, se sèvis klinik sante mantal nan Konte San Diego yo ansanm ak lòt founisè ofri. Yo pran randevou pou moun ki gen twoub sante mantal oswa twoub konsomasyon sibstans toksik yo epi yo ka resevwa moun pou vizit annijans san yo pa t bezwen pran randevou.

**Sèvis Entèvansyon nan moman Kriz** Lè w rele ACL, yon repatitè ki fòme pou sa pral reponn apèl ou a epi mande w enfòmasyon sou sitiayson w ap fè fas la. Selon repons ou an, repatitè a pral detèmine si yo ta dwe mete sèten sèvis entèvansyon nan kad kriz ak sèvis repons sou pye pou pote asistans, tankou Ekip Entèvansyon Mobil nan moman Kriz la (Mobile Crisis Response Team, MCRT) oswa sèvis ijans yo.

# Li Plis: Pwogram Ekip Entèvansyon Mobil nan moman Kriz la (Mobile Crisis Response Team, MCRT)

Ekip Entèvansyon Mobil nan moman Kriz la (Mobile Crisis Response Team, MCRT) se yon sèvis entèvansyon nan moman kriz yo te mete sou pye nan Konte San Diego a nan mwa Janye 2021. MCRT yo entèvni, evalye, epi jere sitiyasyon kriz yo epi yo kapab separe yo epi voye yo travay apre yon yon ammm nan yon kominate kontakte ACL oswa sèvis ijans yo.

Yon bagay ki rann pwogram sa inik pa rapò ak lòt ekip entèvansyon nan moman kriz yo, tankou Ekip Entèvansyon Annijans nan domèn Sikyatri a (Psychiatric Emergency Response Team, PERT) se paske MRCT yo pa fè pati fòs lòd yo. Yo ofri yon lòt opsyon entèvansyon pou abitan San Diego ki nan sitiyasyon twoub sante mantal oswa kriz ki gen pou wè ak konsomasyon sibstans toksik yo. Ekip yo genyen yon klinisyen ki fòme nan domèn konpòtman, yon manadjè dosye ak yon sipò akonpayman. MRCT yo ka ede nan sitiyasyon ki reponn ak kritè espesifik, tankou lè pa gen menas vyolans oswa ijans medikal (li pi ba a pou jwenn plis enfòmasyon). Sèvis sa yo, yo kreye yo pou reponn ak bezwen moun nan genyen "nan kote I ye a" nan yon fason ki adapte epi ki plen respè.

MRCT yo pral vini epi ede w konprann ak jere sitiyasyon an. Yo pral eksplike w opsyon ou genyen yo epi yo pral sijere w sa pou w fè apre sa a. Si w bezwen sa, yo ka ofri w yon ti woulib pou jwenn lòt sèvis asistans. **Objektif yo se ede w jwenn pi bon kalite sipò ki ap reponn ak bezwen ou yo.**

## Kisa Sèvis Entèvansyon ak Repons nan Moman Kriz la Ofri?

**MCRT** Ekip ki pa fè pati fòs lòd yo



**PERT** Fòs lòd yo + klinisyen an



**EMS** Si gen yon ijans medikal



Sa depan sitiyasyon an, yo ka voye lòt sèvis entèvansyon nan moman kriz.

## MRCT yo Kapab Itil Lè...

1. Pa gen okenn blese ki mande pou gen entèvansyon medikal.
2. Pa gen okenn itilizasyon zam oswa pa gen moun ki posede zam selon sa moun konnen.
3. Moun nan pa enplike nan aktivite kriminèl ki grav epi ki gen pou wè ak bezwen pou gen yon entèvansyon ki garanti fòs lòd yo ap entèvni.
4. Yo pa konnen moun nan an koneksyon ak yon ankèt fòs lòd yo ap fè.
5. Pa gen okenn menas vyolans oswa posibilité pou vyolans imedya oswa itilizasyon vyolans kont lòt moun oswa oto-agresyon.

Si yo pa t rele fòs lòd yo egzakteman EPI si tout lòt kritè ki pi wo yo respekte, yon repatitè ka rekòmande pou yo voye yon MCRT pou entèvni nan kad yon sitiyasyon kriz.

Si ou toujou pa fin konnen kisa w dwe fè oswa sa ou bezwen, rele **ACL nan 888-724-7240** pou pale ak yon ekspè ki fòme. Pou konnen plis konsènan sèvis sa yo, ale sou [sandiegocounty.gov/mCRT/](http://sandiegocounty.gov/mCRT/) and [comresearch.org/pert.php](http://comresearch.org/pert.php).

## SOUS

San Diego County. (n.d.). *About mobile crisis response teams (MCRT)*. [https://www.sandiegocounty.gov/content/sdc/hhsa/programs/bhs/BHS\\_MCRT/About\\_MCRT.html](https://www.sandiegocounty.gov/content/sdc/hhsa/programs/bhs/BHS_MCRT/About_MCRT.html)

San Diego County. (2022, November 16). *MCRT frequently asked questions*. [https://www.sandiegocounty.gov/content/sdc/hhsa/programs/bhs/BHS\\_MCRT/BHS\\_MCRT\\_FAQs.html](https://www.sandiegocounty.gov/content/sdc/hhsa/programs/bhs/BHS_MCRT/BHS_MCRT_FAQs.html)

National Alliance on Mental Illness, San Diego and Imperial Counties. (2022). *Psychiatric emergency response team (PERT)*. [https://sandiego.networkofcare.org/mh/services/agency.aspx?pid=PsychiatricEmergencyResponseTeamPERT\\_61\\_2\\_0](https://sandiego.networkofcare.org/mh/services/agency.aspx?pid=PsychiatricEmergencyResponseTeamPERT_61_2_0)

San Diego County. (n.d.). *P.E.R.T. Psychiatric emergency response team, community information, introduction & history of PERT*. [https://www.sandiegocounty.gov/content/dam/sdc/hhsa/programs/bhs/documents/pert\\_flyer.pdf](https://www.sandiegocounty.gov/content/dam/sdc/hhsa/programs/bhs/documents/pert_flyer.pdf)

Community Research Foundation. (2010). *Psychiatric emergency response team*. <http://www.comresearch.org/pert.php>